Apèsi

Apati evalyasyon otòn 2025 lan, Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize a (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT) pral pase nan yon modèl dijital. Evalyasyon ki fèt sou konpitè sa a pral imedyatman entegre sipò pou elèv k ap aprann nan lang anglè (English Language Learners, ELL) ak elèv ki gen andikap epi li pral gen ladan fòma kesyon egzamen chwa miltip kounye a ak tip kesyon an griy. An 2026, egzamen an pral fè tranzisyon pou yon tès ki adapte sou òdinatè (computer-adaptive test, CAT), ki pral gen kesyon dapre pèfòmans kontinyèl elèv yo.

Dokiman sa a gen ladan mizajou konsènan tranzisyon sa a ak enfòmasyon jeneral pou ede fanmi yo gen bon jan enfòmasyon ak prepare pou egzamen an.

Ki sa ki SHSAT epi kiyès ki elijib pou pran egzamen an?

SHSAT se egzamen yo itilize kòm sèl faktè pou detèmine admisyon nan Lekòl Segondè Espesyalize Vil Nouyòk (eksepte LaGuardia High School, ki gen yon pwosesis odisyon pou admisyon). Lekòl sa yo se:

- Bronx High School of Science
- Brooklyn Latin School
- Brooklyn Technical High School
- High School for Math, Science and Engineering nan City College
- High School of American Studies nan Lehman College
- Queens High School for Sciences nan York College
- Staten Island Technical High School
- Stuyvesant High School

Tout moun ki abite nan Vil Nouyòk ki nan 8yèm ane oswa nan 9yèm ane k ap gen pou aplike pou premye fwa nan youn nan Lekòl Segondè Espesyalize (Specialized High Schools, SHS) sa yo dwe pran SHSAT, menm si se elèv lekòl leta, prive oswa pawasyal. Yo bay egzamen SHSAT a nan otòn pou admisyon nan Lekòl segondè espesyalize nan ane k ap vini an (sa vle di elèv k ap chèche pou antre nan mwa septanm 2027 ap pran egzamen an an otòn 2026). Yo bay li nan lekòl orijinal elèv la pandan jou lekòl espesifik oswa nan lokal tès yo nan wikenn yo gentan chwazi. Gen plis enfòmasyon ki disponib sou sitwèb biwo enskripsyon elèv lekòl segondè espesyalize a[1].

Poukisa y ap chanje fòma SHSAT a pou yon fòma dijital?

SHSAT ap adapte pou li fè ajisteman avèk devlopman resan yo atravè fòma tès la, kòm egzamen yo p ap fèt nan fòma sou papye ankò se sou fòma òdinatè y ap fèt. Pa egzanp, apati 2024, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la (New York State Education Department, NYSED) te kòmanse yon

[1] https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/specialized-high-schools

tranzisyon k ap dire twazan pou Egzamen Konpozisyon Anglè, Matematik ak Syans nan klas 3yèm – 8yèm ane Eta Nouyòk ki pral kontinye nan tout matyè ak klas yo ap evalye ak bay nòt sou yon konpitè avan 2026. Anplis, nan ane 2023 PSAT te chanje pou modèl dijital epi nan ane 2024, SAT te chanje pou modèl dijital. Fason yo bay egzamen ki gen gwo enterè sa yo rantre nan anpil evalyasyon nan salklas dijital elèv yo chita chak jou. Tranzisyon sou papye a pou òdinatè jwenn motivasyon pou ogmante sipò, sekirite, ak konvenyans ki akonpaye modèl ki baze sou dijital.

Kilè y ap chanje fòma SHSAT a pou yon fòma dijital?

Men kalandriye pou tranzisyon an:

- Otòn 2025: Yo pral bay egzamen an nan yon fòma dijital epi li pral gen ladan kesyon teknoloji amelyore ak sipò entegre, ki gen ladan pou elèv k ap aprann anglè ak elèv ki gen andikap.

  Estrikti tès la ak kantite kesyon yo ap rete menm jan.

  - Evalyasyon sa a se pou elèv k ap aplike nan lekòl segondè espesyalize pou ane lekòl 2026 – 27 la.
- Otòn 2026: Y ap bay SHSAT a nan yon fòma ki adapte sou konpitè.
  - Evalyasyon sa a se pou elèv k ap aplike nan lekòl segondè espesyalize pou ane lekòl 2027 – 28 la.

Kisa k ap chanje an 2025?

Kontni ak tip kesyon:

Egzamen 2025 lan pral preske menm jan avèk sa ane avan yo: pral gen de seksyon, youn pou ELA ak youn pou matematik, epi chak pati ap gen 57 kesyon. Elèv ki pa gen tan tès pwolonje pou akomodasyon pral gen twazèdtan pou pran egzamen an. Elèv pral kapab chwazi avèk ki seksyon (ELA oswa Matematik) yo vle kòmanse, epi yo pral kapab retounen sou kesyon yo jiskaske yo voye repons yo ale nan fen tès la. Diferans kle ant egzamen 2025 lan ak vèsyon avan an se ke yo pral bay li sou yon konpitè olye sou papye.

Pandan kantite kesyon nan tou de matyè yo ap rete konsistan avèk evalyasyon avan ki te konn fèt sou papye, *tech-enhanced items* (TEI) pral kòmanse ranplase yon kantite kesyon chwa miltip oswa kesyon ki nan griy. Kesyon egzamen sa yo pral bay lòt fason pou evalye konpreyansyon elèv. Ou ka jwenn echantiyon TEI ki ka parèt nan egzamen 2025 lan**la a**[2]. (SONJE: Resous sa a reflete nati tip kesyon yo san yo pa reflete kalite kontni solid ki pral parèt nan egzamen an.)

Karakteristik pou aksè inivèsèl ak akomodasyon pou egzamen:

Evalyasyon ki baze sou òdinatè sa a pral pèmèt moun k ap pran egzamen jwenn avantaj nan karakteristik teknoloji ki amelyore. Pa egzanp, ELL pral kapab itilize glosè entegre pou tou de

[2] https://pwsblobprd.schools.nyc/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/tei-screenshots-for-doe-final-w-logo-01-31-25.pdf

seksyon ELA ak Matematik an Arab, Bengali, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Chinwa (tradisyonèl ak senplifye), Ris, Panyòl, ak Oudou. Tèm senplifye yo pral pèmèt elèv ki resevwa sipò ELL yo pi byen demontre kapasite yo. Anplis de sa, egzamen an pral gen ladan karakteristik aksè inivèsèl, tankou opsyon pou fè bagay yo vin pi gwo, souliye, oswa pran nòt, tout elèv pral kapab itilize. Elèv ki gen akomodasyon pou egzamen tankou moun k ap li tèks pou li, pran poz, oswa ekri bagay yo an gwo lèt detache, ap kapab resevwa sipò sa yo tou atravè platfòm egzamen an.

Fonksyonalite:

An 2025, elèv pral kapab navige vèsyon dijital egzamen an menm jan yo te konn fè nan egzamen sou papye a. Yo pral kapab chwazi avèk ki matyè yo prefere kòmanse, ELA oswa Matematik, epi yo pral kapab fè aleretou ant kesyon ak matyè yo.

Yo pral jis bay repons yo sou yon òdinatè olye yo fè li sou papye. Elèv ki vle fè eksperyans fonksyonalite egzamen an ka klike sou leson patikilye **Zouti preparasyon pou elèv (Student Readiness Tool, SRT) sa a**[3].

Kisa k ap chanje an 2026?

Kontni ak tip kesyon:

Kontni egzamen 2026 la pral preske menm jan avèk sa ane avan yo. Elèv ap kontinye gen kantite tan estanda pou egzamen an ki se twazèdtan pou yo fini egzamen an. Elèv ka chwazi kòman y ap itilize tan sa a nan seksyon Konpozisyon Anglè ak Matematik yo. Yo ka ajoutre lòt ak diferan kalite TEI nan ane 2026 ak pi devan.

Karakteristik pou aksè inivèsèl ak akomodasyon pou egzamen:

Sipò ki disponib apati evalyasyon 2025 lan ap kontinye disponib pou tout evalyasyon k ap vini apre yo. (Gade "Kisa k ap chanje an 2025?" pi wo a pou detay.)

Fonksyonalite:

Pou evalyasyon otòn 2026 la, SHSAT a pral fè tranzisyon an nan yon tès ki adate sou konpitè (computer-adaptive test, CAT). Yon CAT se yon egzamen ki chwazi kesyon yon elèv wè dapre fason li ap kontinye pèfòme. Pa egzanp, yon moun k ap pran tès la ki byen travay nan yon èd memwa ki difisil ap resevwa yon atik ki pi difisil; y ap poze yon elèv ki pa reponn yon atik kòrèkteman kesyon ki pa twò difisil. Tout elèv pral teste sou menm estanda nivo klas yo, men nivo konpleksite chak kesyon pral depann de repons avan an. Yo p ap teste elèv sou estanda ki pi wo pase nivo klas yo. Elèv p ap kapab revize kesyon oswa deplase nan seksyon yo epi yo pral bezwen reponn kesyon an pou yo ka wè pwochen kesyon an nan egzamen an. Tout elèv ap reponn menm kantite kesyon pou chak sijè.

Anplis de sa, pou seri kesyon ki baze sou pasaj nan seksyon ELA, elèv pral kapab retounen nan kesyon ki nan seri a epi chanje repons yo; yon fwa yo fin ranpli epi voye tout kesyon nan seri a ale, yo

[3] https://srt.testnav.com/ny-shsat/ny-shsat-srt.html

pa kapab revize repons yo. Nan seksyon Matematik ak pou atik otonòm nan seksyon ELA, elèv dwe reponn chak kesyon avan yo kapab reponn pwochen kesyon an. Elèv p ap kapab retounen nan kesyon an apre yo fin reponn kesyon yo nan seksyon sa yo. Yon fwa yo fin ranpli epi voye repons yo ale nan chak sijè, yo p ap kapab revize kesyon yo pou sijè sa a.

Èske elèv yo pral kapab pran yon tès pratik sou platfòm evalyasyon an?

Wi, anplis leson patikilye a, nan prentan 2025, ap gen de tès pratik sou entènèt ki konplètman fonksyonèl disponib. Menm jan avèk tès pratik tout longè ki baze sou papye te disponib, modèl egzamen sa yo pral bay elèv yo yon opòtinite pou yo pran yon vèsyon pratik egzamen ki reflete egzamen aktyèl la sou ni fòm ni kontni. Leson patikilye ak tès pratik inik pral aksesib chak ane dirèkteman atravè yon navigatè entènèt, kidonk pa gen okenn lojisyèl espesyal ki nesesè pou pratike avèk kontni oswa karakteristik egzamen an.

Èske pral gen yon vèsyon papye pou egzamen an?

Egzamen sou papye yo ap disponib pou kantite elèv ki gen Plan Edikasyon Endividyèl (Individual Education Plans, IEP) oswa plan 504 ak aranjman tès apwouve ki egzije vèsyon papye pou elèv yo ka jwenn aksè nan egzamen an. Sinon, y ap bay tout egzamen yo sou konpitè a dapre delè ki endike pi wo a, san okenn eksepsyon.

Eske ap toujou gen akomodasyon disponib pou elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann lang anglè?

Wi. Y ap bay elèv ki gen andikap yo aranjman ki nan IEP yo oswa nan Plan 504 yo, sofsi yo pa pèmèt aranjman an pou SHSAT, oswa si aranjman an pa nesesè pou SHSAT. ELL ak ansyen ELL ki pran SHSAT yo gen dwa pou jwenn plis tan pou tès yo epi pou yo sèvi avèk glosè bileng. Sèl diferans k ap genyen, nan kòmanse 2025, pifò akomodasyon yo pral delivre atravè konpitè.

Kòman y ap korije egzamen an?

Yo p ap chanje fason yo pral korije egzamen an, l ap rete menm jan avèk ane avan yo.

Gen twa tip nòt ki soti nan pwoseis koreksyon SHSAT a. Yo trete seksyon ELA ak matematik SHSAT a separeman nan pwoseis koreksyon jiskalafen lè yo ajoute nòt ELA ak matematik yo ansanm pou nòt final la, yo rele nòt konpoze.

- Nòt brit (Raw Score): Nòt SHSAT yo baze sou kantite repons kòrèk ou make sou kesyon yo bay nòt yo, ke yo rele *raw score* (pwen brit).
    - Lè yo konte nonm kòrèk la, chak kesyon konte pou menm – yon pwen nòt brit.
    - Kèlkeswa ki kesyon an patikilye ou reponn byen oswa mal nan chak seksyon (ELA ak matematik). Ou pa dwe pase twòp tan sou okenn grenn kesyon, akòz yon kesyon ou wè "pi difisil" p ap ba w plis pwen brit pase youn ke w jwenn "pi fasil".
    - Pa gen sanksyon pou move repons.

- Nòt nan Echèl: Etandone gen plizyè fòm SHSAT, yo pa ka konpare dirèkteman nòt brit yo pou divès tip tès yo. Yo devlope fòm egzamen yo pou yo sanble otan posib, men yo pa menm. Pou fè konparezon valab, yo dwe konvèti yon raw score an yon lòt tip nòt kote yo konsidere diferans ant tip egzamen yo. Konvèsyon yon nòt brit a yon nòt final fèt separeman pou chak seksyon (ELA ak matematik). Yo itilize de (2) konvèsyon pou konvèti nòt brit ELA ak matematik an nòt final. Konvèsyon sa yo se:
    - Kalibrasyon: Kalibrasyon pran an konsiderasyon nenpòt ti diferans ant diferan fòm egzamen.
    - Nòmalizasyon: Nòmalizasyon ajiste nòt yo pou adapte avèk yon distribisyon nòmal (Gaussian). Toude konvèsyon sa yo kalibasyon ak nòmalizasyon pa lineyè. Kidonk, nòt brit yo ak nòt final yo pa pwopòsyonèl. Sa vle di yon ogmantasyon nan yon pwen nòt brit la pa toujou mennen nan menm ogmantasyon nan pwen nòt final yo. Paregzanp, nan nivo mwayen seri nòt yo, yon ogmantasyon yon pwen nan nòt brit la ka koresponn ak yon ogmantasyon twa oswa kat pwen nòt final la. Nan nivo siperyè oswa enferyè seri nòt yo, yon ogmantasyon yon pwen nan raw score la ka koresponn ak yon ogmantasyon 10–20 pwen nòt final la. Pi pre ou rive pou w jwenn chak kesyon kòrèk nan yon seksyon (oswa chak kesyon ki pa kòrèk), pi plis nòt alechèl ou a ogmante (oswa diminye) pou seksyon sa a.
- Nòt konpoze (Composite Score): Nòt konpoze *composite* se total nòt final pou ELA ak matematik. Yo itilize nòt konpoze a pou deside si yo dwe admèt yon elèv nan yon lekòl segondè espesyalize. Y ap kontinye itilize nòt konpoze a, ansanm avèk preferans elèv la pou Lekòl segondè espesyalize yo (jan li ye nan MySchools) ak disponiblite plas, pou detèmine admisyon nan Lekòl segondè espesyalize yo.

Yo refè pwosesis pou detèmine nòt (kalibraj ak nòmalizasyon) pou SHSAT yo chak ane sitou pou egzamen ane sa a. Sa asire ke nòt elèv la kalkile epi konpare sèlman avek lòt elèv ki te pran SHSAT a nan menm ane a. Akòz sa, nòt SHSAT yo paka konpare dirèkteman ant ane yo epi pa genyen okenn pwen minimòm oswa maksimòm presi. Nòt maksimòm pou chak seksyon dabitid se 350, epi nòt konpoze maksimòm lan dabitid ozanviwon 700; sepandan, nòt maksimòm ak minimòm reyèl yo chanje soti yon ane ale nan yon lòt.

Ki kote elèv yo pral pran egzamen an?

Elèv ap pran egzamen an sou konpitè DOE bay swa nan lekòl nòmal yo pandan yon jounen lekòl oswa nan yon lokal egzamen an nan youn nan dat evalyasyon nan wikenn yo chwazi yo. Elèv pa gendwa sèvi avèk pwòp konpitè pa yo oswa ale pran egzamen an yon kote DOE pa chwazi.

Èske elèv ak fanmi ap gen opòtinite pou yo revize egzamen yo apre yo fin pibliye nòt yo?

Wi. Menm jan avèk ane avan yo, depi yo pibliye nòt yo, elèv ak fanmi yo ap gen opòtinite pou enskri pou pran yon randevou pou wè egzamen an. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri voye yon imèl nan SHSATtestviews@schools.nyc.gov.